ISSN: 2181-3906
2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# БАСЛАЎЫШ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ РУЎХЫЙ ИНТЕЛЛЕКТУАЛ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИН АНЫҚЛАЎДЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ МАЗМУНЫ

**Матмуратова Гулистан Камалатдиновна**
Ажинияз атындағы НМПИ. «Улыўма педагогика ҳәм психология»
кафедрасы ассистент оқытыўшысы.

https://doi.org/10.5281/zenodo.16756961

***Аннотация.*** *Макалада баслаўыш класс оқыўшыларының руўхый интеллектуал өзгешеликлерин анықлаўда баслаўыш класс оқытыўшысы ўазыйпары, руўхый интеллектуал өзгешеликлерин қәлиплестириўдиң нәтийжели усыллары сөз етиледи.*

***Таяныш сөзлер**: Ақыл, әдеп, билим, тәрбия, әдеп, интеллектуал өзгешеликлер.*

***Аннотация.*** *В статье рассматриваются результаты выявления интеллектуальной недостаточности учащихся начальной школы, учителей начальной школы, преподавателей и учителей.*

***Ключевые слова:*** *Интеллект, мораль, знания, воспитание, этика, интеллектуальные различия.*

***Abstract.*** *The article examines the results of identifying intellectual disabilities in primary school students, primary school teachers, lecturers and teachers.*

***Key words:*** *Intelligence, morality, knowledge, education, ethics, intellectual differences.*

Ҳәзирги күнде билимлендириў хызметкерлери алдында жас әўладқа жоқары интеллектуал көз қарасты қәлиплестириў заман талаплары менен тең қәдем қоятығын еркин пикирлейтуғын жетик инсанларды тәрбиялаў ўазыйпалары тур.

Бул ўазыйпаларды орынлаўда баслаўыш класс оқытыўшыларынан, өз кәсибине пидәйылық, теориялық билим, излениўшеңлик қасийетлер, өз исине жуўапкершиликли қәтнаста болыў талап етиледи. Бунда биринши гезекте баслаўыш класс оқыўшыларын билим алыўға болған қызығыўшылығын, интасын, қәбилетлилигин арттырыў менен бирге олардың интеллектуал сезиминде раўажландырып барыў зәрүр. Баслаўыш класс оқыўшыларының интелектал өзгешеликлерин раўажландырыўда оқыўшы ҳәм оқытыўшы биргеликте ҳәрекет етиў керек.

Ақыл, әдеп, билим инсаныйлық жәмийеттиң ҳәр дәўиринде өзине сай турмыслық тәжирийбелерге, жасы үлкенлердиң кеңеслерине сүйенип жүргизилип отырды. Нәтийжеде жасы үлкен менен жасы киши, тәжрийбели ҳәм билимли адамлар арасында әдеп-икрамлық қатнаслардың өз-ара байланыслары пайда бола баслады. Әсирлер бойы ата-бабаларымыз жаратқан тәртип пенен тәрбия, әдеп пенен интизам ҳаққында үрп-әдетлер Орта Азия халықларының әййемнен киятырған миллий тарийхый дәстүрлери болып есапланады.

Ата-бабаларымыздың үгит-нәсиятлары менен тәлим-тәрбиясы өмирден, турмыс тәжрийбелеринен арзыў-үмитлеринен дөреп ҳәр бир әўладтың келешегине мүнәсип дәрежеде тәрбиялық тәсир тийгизип келмекте. Усылар тийкарында бүгинги күни заманласларымыз шығыстың уллы данышпанлары жаратқан тәлим-тәрбиялық мийрасларды оқып-үйренип, ақыл-ойын, руўхый интеллектуал дүньясын байытады.

Себеби, бизлер данышпанлардың сөзлери менен ақыл-кеңеслеринен, озық ойлар менен жазылған тəлим-тəрбия ҳаққындағы əжайып пикирлерин оқыймыз.

Бүгинги күни ата-бабаларымыздың тəрбия тараўында жаратқан тəлим-тəрбиялық мийрасыларын, миллий үрп əдетлерге жарасқан турмыс көринислерин қайта тиклеў ақыл тəрбиясының ең əҳмийетли ўазыйпасы болып тур. Биз өзимиздиң халықлық миллий көринислеримизди жасларға терең сиңдирип барыў мəселесин, мектеп оқыўшылары алдына көбирек қойыўымыз, соның менен оларда адамгершилик минез-қулық, тəрбия ҳəм билимине жараса өз халқы ҳəм миллетиниң бай мийрасларын терең ийелеў мүмкиншилигин жаратқан боламыз. Себеби ата-бабаларымыз жасап бинə еткен, күнделикли турмыс көринислеринен пайда болған барлық нəрсени үйренбей, оларға туўры ҳəм ылайлықлы баҳа бермей, айтылған даналық пикирлери менен өзимизди байытпай адамгершилик, пəклик, ақыл ҳəм əдеплилик қусаған əўладтан-əўладқа өтип киятырған қəдирли пазыйлетлерди меңгере алмаймыз.

Оқыўшыларда интеллектуал өзгешеликлерин раўажландырыўда оқытыўшыларда буйрық, жазалаў сыяқлы усыллардан пайдаланбаў керек. Ал, керисинше айрықша қабилетке ийе оқыўшыларда айрықша интеллектуал сезим қəбилетти билгенде оларға хошаметлеў усылларынан пайдаланыў зəрүр.

Баслаўыш класс оқыўшыларын интеллектуал өзгешеликлерин анықлаўда баслаўыш класс оқытыўшысы ўазыйпасы-оқыў дəстүрине сəйкес түрде оқыў шынығыўларын жобаластырыў, өзлестириў барысын бақлаў ҳəм оқыўшылардың сабақтағы хызметин тəртипке салыўдан ибарат. Мине усы жол менен баслаўыш класс оқытыўшысы бул класстың хызметине басшылық етеди.

Оқыўшыны руўхый интеллектуал өзгешеликлерин қəлиплесиўи төмендеги оқытыў ҳам үйретиўдиң нəтийжели усыллары мененде байланыслы деп есаплаймыз.

1. Баслаўыш класс оқыўшыларына жəмийетшилик жумысларда бөлистиргенде олардың минез-қулық қабилети, сол истиң қолынан келиў яки келмеў өзгешеликлерин итибарға алыныўын дурыс деп есаплаймыз.

2. Айрым пəнлерге оғада ықласлы оқыўшыларды сол пəнге қызығыўшылығын арттырыў, усы пəнди терең ийелеўи ушын жол-жоба бағдар бериўи. Атап айтқанда оқыўшы баслаўыш класс басларынан баслап-ақ мақалалар, қосықлар жазыўға ийкеми болса, усындай интеллектуал оқыўшыға көбирек əдебий китаплар оқыўға бағдар бериўи, класстағы ямаса мектептеги дийўалы газеталарға ағза сыпатында усыныў дурыс болады.

Ал спортқа қызығыўшылығы басым теориялық сабақларға, оқыў п1нлерине онша қызықпайтуғын оқыўшыларды баслаўыш классларынан баслап-ақ спорт секцияларына дөгереклерине ағзалыққа бекитиў, өз ўақтында дурыс жол жоба бериў, келешектеде олардың белгили өз тараўынының маманы болыўына себепши болады.

Баслаўыш класс оқытыўшысының баслаўыш класс оқыўшылары жəмəəтине өз ўақтында дурыс басшылық етиўи оқыўшының шахс сыпатында қəлиплестирип барады, оқытыўшыға болса. өз гезегинде бир қатар ўазыйпаларды жүклейди.

Билим бериў процессинде оқыўшының материалларды, билимди дурыс өзлестириўи, класста түрлише жəмийетлик жумысларда қəбилетине қарай бөлистириў,

баслаўыш класс оқыўшыларына өз бетинше тапсырмалар берип олардың интелектуалл өзгешеликлерин анықлаў мүмкин.

Оқыўшылардың интеллектуал қабилетин анықлаўда ҳар тәреплеме тәсир етиўдиң мүмкин болған усылы, құрал ҳам методларын қоллана билиў, ҳар тәреплеме раўажланған әдеп-икрамлы, кәмил инсан тәрбиясында да дурыс жол тутады деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар.**

1. О.Мусурманова. «Ўқитувчиларнинг маънавий маданиятини шакиллантириш» Тошкент-1993
2. Н.Сейдахметов. О.Очилов. «Таълим тарбияни такомиллаштириш» Маърифат газетаси, 1999 ийл 27-октябрь